

Konnen dwa w: Kiyès ki kapab benefisye yon kosyon nan zafè imigrasyon?

8 avril 2026

Avèstisman: Resous sa a bay enfòmasyon jeneral ak chanjman sou kosyon nan zafè imigrasyon depi lane 2025. Sa a se pa konsèy jiridik ki gen pou wè ak sitiasyon w lan. Nou rekòmande pou manm kominote a fè pridans epi pou yo pale ak yon avoka ki gen eksperyans nan dosye imigrasyon sou dosye pa yo a.

Detansyon imigrasyon, kosyon ak batay pou liberasyon

Administrasyon Trump lan ap arete epi mete imigran nan detansyon ak yon vitès ki pa nòmal. Sa ki vin lakòz yo vin mete plis moun nan detansyon konpare ak lane anvan yo. Youn nan fason administrasyon an fè sa, li bloke imigran yo pou yo pa lage yo, li fè sa swa nan mete sou pye nouvo agiman jiridik oswa lè li pa suiv sa lalwa di.

Lalwa di aprè yon ofisye imigrasyon fin arete w, anjeneral, ofisye yo gen [twa \(3\) opsyon](#):

- ▶ Kenbe w nan detansyon.
- ▶ Lage w anba kosyon imigrasyon (*si w ranpli kondisyon yo*).
- ▶ Lage w anba libète kondisyonèl.

Resous sa a ap santre sou dènye chanjman sou kijan ou kapab mande yon jij imigrasyon pou lage w, sòti nan detansyon imigrasyon anba kosyon.

Sepandan, li enpòtan pou sonje kosyon se pa sèl fason pou yo lage w. Pa egzanp, ICE ap toujou [bay libète kondisyonèl](#) pa okazyon. Sa se lè ICE itilize otorite l pou lage yon moun, sòti nan detansyon pou rezon imanité. Se sa ki te pase nan ka [de \(2\) mizisyen mariachi](#) ki se frè nan South Texas. ICE ka libere w tou anba kosyon ICE, san yon jij pa òdone kosyon.

Kijan pou w mande liberasyon anba libète kondisyonèl

Fason pou w mande ICE pou lage w anba libète kondisyonèl, se voye yon imèl oswa yon lèt bay ofisye ki responsab dosye w la. Lè w nan detansyon, ou p ap ka voye imèl bay ofisye w la, men w ka mande ofisye w la pou libere w anba libète kondisyonèl. Fanmi oswa zanmi ka voye prèv ba ou atravè lapòs pou w ka montre ofisye w la. Epitou, yon avoka ka

ekri oswa voye yon imèl bay ofisye w la pou mande l libere w, epi fanmi w ka mete lèt sipò. Pa gen yon fòmilè espesyal oswa frè pou mande liberasyon.

Nan demann ou fè bay ICE la, ou dwe eksplike: 1) ou menm (oswa moun k ap mande pou yo libere l la) pa yon danje pou lòt moun, 2) w ap vini nan pwochen randevou oswa odyans ou yo, epi 3) nenpòt lòt faktè pozitif tankou travay benevola, lyen ak kominote a, elatriye. Resous sa a ki sòti nan Human Rights First [gen yon egzanp](#).

Kisa ki se yon kosyon nan zafè imigrasyon?

- Yon kosyon nan zafè imigrasyon se yon pèman ou fè bay gouvènman Etazini an pou w ka kite yon sant detansyon migrasyon. Lè gouvènman an jwenn pèman an, ofisye detansyon migrasyon yo sipoze kite w sòti nan sant detansyon an pandan dosye depòtasyon w lan ap kontinye. Gouvènman an [kenbe lajan an](#). Gouvènman an dwe remèt ou lajan an si w ale nan tout odyans tribinal ou yo epi suiv òdonans tribinal imigrasyon yo, sa gen ladann yon òdonans pou depòtasyon pou w kite Etazini.
- Gen lòt kalite kosyon ki pa menm bagay ak yon kosyon nan zafè imigrasyon. Pa egzanp, si yo arete w oswa yon kondane w pou yon krim, ou ka peye yon kosyon pou w kite prizon an. Men sa a se yon pwosesis ki diferan de kosyon jij imigrasyon.

Kiyès ki ka apwouve yon kosyon nan zafè imigrasyon?

- Yon [ofisye ICE](#) ka ba w yon kosyon si ICE oswa CBP arete w. Yo ka apwouve pou lage w tou san w pa peye okenn kosyon.
- Yon [jij imigrasyon](#) ka apwouve yon kosyon tou si ICE deside pa lage w, pou kite sant detansyon imigrasyon.

Kiyès ki ranpli kondisyon pou jwenn kosyon nan zafè imigrasyon?

Repons pou kesyon sa a pa yon repons fasil.

Nan moman an, moun gouvènman an di ki se moun ki ranpli kondisyon pou kosyon diferan de sa lalwa di. Epitou, komite ki la pou fè apèl ki revize dosye tribinal imigrasyon yo (Board of Immigration Appeals oswa BIA) te pibliye desizyon sou kondisyon pou kosyon, epi desizyon sa yo anjeneral aplike pou tout moun nan peyi a. Sepandan, kèk tribinal federal pa dakò ak desizyon BIA yo sou kondisyon pou moun kalifye pou kosyon. Men, desizyon yo aplike sèlman pou moun ki nan detansyon nan jiridiksyon tribinal federal sa a.

An rezime, sa vle di yo dwe konsidere sous otorite sa yo pou konprann si yon moun ranpli kondisyon pou kosyon, epi repons lan ka diferan depann de kote yo kenbe moun nan.

[Lalwa di](#) ou ka mande peye yon kosyon epi kite detansyon imigrasyon. Men lalwa di tou gen kèk imigran ki **pa ka** mande kosyon epi ki dwe rete nan detansyon pandan y ap trete dosye yo a. Men lis moun lalwa di ki pa ka mande kosyon:

1. Imigran ki vini sou fwontyè Etazini an san yon viza men ki mande pèmisyon pou antre. Lalwa rele gwoup moun sa yo ["moun ki antre" ki pa sitwayen \("arriving" noncitizens\)](#).
 - a. Yon egzanp se yon moun ki rive sou fwontyè Etazini ak Meksik la, ofisye imigrasyon te kanpe l epi yo te pafwa arete l, men yo te bay moun nan pèmisyon pou antre nan peyi a pou yon ti tan, yo rele sa "libète kondisyonèl" (parole, an anglè)." Gwoup sa a gen ladann tou moun yo ta nòmalman depòte byen vit, men olye de sa, yo te fè yo pase yon entèvyou devan ofisye azil paske yo te di yo pè retounen nan peyi yo. Yo rele pwosesis sa a "depòtasyon rapid" (expedited removal an anglè), epi yo rele entèvyou a "entèvyou sou laperèz ki kredib" (credible fear interview an anglè)."
2. Imigran ki gen kèk dosye kriminel pou bagay tankou vòl, batay, vyolans domestik epi posede oswa ap pran dwòg (sa gen ladann kèk ofans mariwana). [Resous](#) sa a ki sòti nan National Immigrant Justice Center (NIJC) gen lis konplè a an anglè ak panyòl.
3. Imigran ki gentan gen yon lòd pou depòtasyon.

An Jen 2025, gouvènman a [te anonse li](#) kwè gen yon katriyèm gwoup moun ki pa ka jwenn kosyon sou baz lwa imigrasyon yo:

4. Imigran ki te antre nan peyi a san pèmisyon yo, sila patwouy fwontyè yo pa t kanpe yo, epi k ap viv nan Etazini.

Katriyèm kategori sa a se yon **gwo chanjman** nan fason kosyon te konn fonksyone sa fè plizyè lane. Nou antre nan detay sou **chanjman sa a la a: [Aktyalizasyon repons rapid sou kondisyon pou kosyon pou imigran ki pa gen dokiman - NILC \(Rapid Response Update on Bond Eligibility for Undocumented Immigrants - NILC\)](#)**.

Malerezman, omwen de tribinal federal te dakò ak gouvènman an. Sa yo se Tribinal apèl Senkyèm ak Uityèm sikui. Se [tribinal sa yo ki gen kontwòl](#) dosye imigran ki nan detansyon nan plizyè eta. Sa gen ladann:

- **Senkyèm sikui:** Texas, Louisiana, Mississippi, Arkansas
- **Uityèm sikui:** Iowa, Minnesota, Missouri, Nebraska, North Dakota, South Dakota

Yo aplike desizyon tribinal sa yo, menmsi ofisyè imigrasyon te arete w yon lòt kote epi aprè sa te transfere w.

Sepandan, avoka pou imigran yo ap reziste epi yo ap diskite pou di gouvènman an fè erè lè l pa kite moun ki te antre nan peyi a san pèmasyon mande kosyon. Yon lòt tribinal federal, nan ka yo rele *Maldonado Bautista vs. DHS* te dakò epi an Fevriye 2026, li te bay lòd pou jij imigrasyon yo bay imigran sa yo odyans pou mande kosyon, menmsi yo te antre nan peyi a san pèmasyon. Malerezman, gouvènman an te fè apèl kont desizyon sa a, konsa lòd tribinal *Maldonado Bautista* a sou poz depi 6 Mas 2026, eksepte pou imigran ki nan detansyon nan Distri Santral California. Zòn sa a gen ladann imigran ki nan detansyon nan Adelanto ICE Processing Center, nan Adelanto, CA. Anvan gouvènman an te depoze apèl yo a, tribinal la te tou egzije pou ICE bay imigran yo enfòmasyon sou desizyon sa a an [anglè](#) ak [panyòl](#) la a.

Pouvwa petisyon habeas

Si ICE ak jij imigrasyon an, yo toude di ou pa ka mande kosyon, toujou gen yon lòt fason pou mande libète. Ou ka depoze yon bagay yo rele yon "[petisyon habeas \(habeas petition an anglè\)](#)." Non ofisyèl li se: yon petisyon pou habeas corpus. National Immigration Project of the National Immigration Lawyers Guild gen resous sa a an anglè ak panyòl sou kijan pou depoze yon petisyon "habeas": [Habeas Explainer & Pro Se Filing Instructions | NIPNLG \(Eksplikasyon sou Habeas epi kijan pou depoze yon petisyon san avoka | NIPNLG, an anglè\)](#)

Lè w depoze yon petisyon habeas, se mande w mande yon jij federal pou pwoteje dwa w pou w yo lage w paske ICE kenbe w nan detansyon san yo pa ba w yon odyans pou mande kosyon.

Kèk bagay yon jij federal ka fè aprè l resevwa petisyon habeas ou a se:

- Egzije jij imigrasyon an pou ba ou yon odyans pou kosyon,
- Egzije jij imigrasyon an pou ba ou yon kosyon.
- Egzije ICE pou libere w.

Jij imigrasyon yo pa sipoze inyore yon òdonans tribinal federal, men si yo fè sa, ou ka tounen devan jij federal la. Menm moun yo arete nan eta ki anba senkyèm ak uityèm sikui yo ka fè sa.

Si w se yon moun ki te antre nan peyi a san pèmasyon, li ka fè sans pou w konsantre resous ou yo pou mande yon petisyon habeas. Sepandan, pi bon fason pou w deside se sèlman nan yon konsiltasyon ak yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans.

Kisa ki ka chanje?

Lòt tribinal federal ka pibliye pwòp desizyon yo sou kesyon kiyès ki ranpli kondisyon pou mande kosyon byento. Sa vle di kote ICE kenbe yon imigran, sa kapab faktè pou deside si yo ranpli kondisyon pou mande kosyon oswa si yo pa kalifye. Pwoblèm sa a ka rive jouk nan Tribinal Siprèm Etazini anvan nou konnen avèk sètitud ki moun ki ranpli kondisyon pou kosyon nan zafè imigrasyon.

Twa kesyon moun poze souvan

1. Aprè konbyen tan mwen ka mande kosyon lè yo fin arete m?

- Ou ka mande yon kosyon yon fwa ofisyèl yo fini sa yo rele pwosesis “anrejistreman”, yo rele l an anglè, pwosesis “booking-in”. Ofisyèl yo dwe ba ou yon papye ki pale w de dwa w pou w gen yon odyans devan yon jij imigrasyon epi pou w sòti nan prizon pandan w peye yon kosyon oswa san w pa peye anyen. Ou ka di nan papye a ou vle yon odyans.
- Nan premye odyans ou an, ou ka di jij imigrasyon an ou ta renmen mande kosyon. Jij la pral pwobableman ba ou tan pou w prepare pou yon odyans pou kosyon epi pou w jwenn yon avoka.
- **Pifò moun gen sèlman yon chans pou mande jij imigrasyon an yon kosyon nan zafè imigrasyon.** Jij la ka eksplike w oswa l ka pa eksplike w pou di w ou ka tann pou asire w ou gen tout prè. Ou dwe mande jij imigrasyon an pou l konsidere koneksyon w ak kominote a, epi si l posib pou w rasanble prè tankou kontra lwaye oswa ipotèk, prè anplwa, dosye travay benevola, lèt sipò nan manm kominote a ak lòt prè ki montre jan w lye ak kominote a. Si w pa gen yon avoka, ou ka itilize [gid sa a](#) ki sòti nan Florence Immigrant & Refugee Rights Project: Gid sou kosyon (Bond Guide, an anglè).
- Si w gen yon avoka, yo ka voye yon demann alekri ki rele yon “motion (mosyon an anglè)” pou mande pou yon odyans pou kosyon. Yo pa oblije tann premye odyans ou a pou voye demann nan. Mosyon an dwe gen ladann plis prè posib ki montre poukisa jij imigrasyon an dwe apwouve kosyon w lan. Men kèk resous pou avoka ki nouvo nan fè demann kosyon: [Archiv kosyon \(Bond Archives an anglè\) - Immigration Justice Campaign](#)

- Pa gen limit sou ki pi wo nivo yon kosyon ka ye. Gen sèlman yon kantite minimòm (\$1500). Malerezman, kèk jij imigrasyon mete kosyon ki wo anpil ki fè l difisil anpil oswa enposib pou imigran peye.

2. Sa k pase si yo refize demann kosyon m lan?

- Si jij migrasyon an refize demann kosyon w lan, y ap kontinye ak dosye w la, men w ap toujou nan detansyon. Li pa anòmal pou jij migrasyon an mande w aprè sa si w vle abandone epi pou yo depòte w pi vit posib. Pou kèk moun, yo ka ba yo opsyon pou mande “depa volontè (voluntary departure, an anglè).” Ou ka li plis sou opsyon sa a [nan resous sa a](#) ki sòti nan the National Immigration Justice Center (NIJC). Epitou, lè w nan detansyon, yo ka di w ou ka itilize CBP Home pou w sòti nan prizon. Nou gen plis enfòmasyon sou pwogram sa a la a: [Konnen dwa w: CBP Home - NILC \(Know Your Rights: CBP Home - NILC, an anglè\)](#).
- Ou ka eseye fè apèl kont desizyon jij imigrasyon an, men w ap rete nan detansyon pandan apèl la. Ou ka kontinye goumen pou w rete Etazini menmsi yo refize demann pou kosyon w lan.
- Si yon bagay chanje nan vi w ki ka konvenk yon jij imigrasyon pou chanje lide l, ou ka mande pou yon lòt odyans kosyon. Men w ap oblije montre yon bagay chanje depi dènye lè jij imigrasyon an te gade dosye w la. Pa egzanp, si w te gen yon dosye penal ki te an atant lè jij la te refize demann pou kosyon w lan, men yo te rejte ka sa a.

3. Kijan pou peye yon kosyon?

- Ou ka peye yon kosyon imigrasyon an pesòn oswa atravè yon sitwèb ICE ki rele CeBonds: [Pe ye yon kosyon | ICE \(Post a Bond | ICE, an anglè\)](#).
- Community Justice Exchange gen gid sa a nan anpil lang pou imigran k ap peye kosyon anliy atravè CeBonds: [Yon gid lè w ap peye kosyon imigrasyon anliy – Community Justice Exchange \(A Guide for Paying an Immigration Bond Online – Community Justice Exchange, an anglè\)](#).
- Gen konpayi kosyon nan zafè imigrasyon k ap peye yon kosyon pou imigran. Pou fè lajan, yo touche yon frè nan men imigran yo, jeneralman chak mwa, pou peye kosyon an. Avan w siyen nenpòt kontra, fè yon reprezantan konpayi an byen eksplike w li nan yon lang ou konprann epi eksplike w si yo touche nenpòt frè anplis oswa penalite.
- Si w pa gen lajan pou w peye kosyon an, ou ka eseye mande sipò finansye nan men National Bail Fund Network: [National Bail Fund Network – Community Justice Exchange](#).